# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–03 जुलाई 2026** **भोजपुरी समाचार**

श्री अमरनाथ जी यात्रा आजु सबेरे जम्मू कश्मीर के पहलगाम आ बालतल राहि से सुरू हो गइल। पूरा देस से लाखों सरधालु सत्तावन दिन के तीर्थ जतरा के दौरान पवित्र अमरनाथ गुफा क दरसन करिहें। येह बिच्चे, तीर्थयात्रियन के लिखल एगो चिट्ठी में प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सलाना अमरनाथ जतरा के देस क आध्यात्मिक रिवाज आ सांस्कृतिक एकता में एगो सास्वत अध्याय बतवलें।

**पत्र के जरिए प्रधानमंत्री ने श्रद्धालुओं से यात्रा के दौरान पांच संकल्प लेने का भी आग्रह किया। इनमें पूरी यात्रा के दौरान स्वच्छता बनाए रखना, सभी सुरक्षा और प्रशासनिक दिशानिर्देशों का कड़ाई से पालन करना, 'वोकल फॉर लोकल' पहल के तहत अपने यात्रा खर्च का कम से कम दस प्रतिशत स्थानीय उत्पादों पर खर्च करके स्थानीय अर्थव्यवस्था का समर्थन करने, 'एक पेड़ मां के नाम' अभियान को बढ़ावा देने के लिए रक्षाबंधन पर भाई–बहन को एक पौधा उपहार में देना, ईमानदारी से अपने कर्तव्यों का पालन और विकसित भारत के दृष्टिकोण में योगदान देकर राष्ट्र प्रथम की भावना को आगे बढ़ाना शामिल है। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।**

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में नउवां 'उत्तर प्रदेश आम महोत्सव– दुइ हजार छब्बीस' के सुभारम्भ कार्यक्रम में सामिल भइलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री कहलें कि ई आम महोत्सव खाली प्रदेसे नाहीं बलुक देस के किसाननों बदे अपने उत्पादन के परदरसनी क एगो मजबूत मंच हौ।

**मैंगो टूरिज्म को हम एक नई पहचान दे सकते हैं। एग्री एंटरप्रेन्योर्स बनाने की दिशा में हमें अन्नदाता किसान को आगे बढ़ाना पड़ेगा और इस दिशा में वैल्यू क्रिएशन, इनोवेशन और रूरल इकॉनमी यानी ग्रामीण अर्थव्यवस्था को हमें और प्रोत्साहित करना होगा, इसपे काम करने की आवश्यकता है। ए.आई., ड्रोन, सैटेलाइट मैपिंग, प्रिसिजन फार्मिंग, सेंसर आधारित सिंचाई और डिजिटल मंडियों के माध्यम से एक स्मार्ट हॉर्टिकल्चर की दिशा में भी हमें अग्रसर होने की दिशा में कार्य करने की आवश्यकता है। प्रत्येक जनपद में पोस्ट हार्वेस्ट इन्फ्रास्ट्रक्चर, कोल्ड चेन, राइपनिंग सेंटर, पैक हाउस, फूड प्रोसेसिंग यूनिट और एक्सपोर्ट सुविधा को हमें और तेजी के साथ विकसित करनी होगी। ये सारी चीजें एक साथ होंगी तो यूपी उसका केंद्र बिंदु बन सकता है जो आज की आवश्यकता है।**

एहसे पहिले मुख्यमंत्री अजुये लखनऊ के डॉक्टर राममनोहर लोहिया उत्तर प्रदेस प्रसासन आ प्रबंधन अकादमी कै चारि सौ चौसठ करोड़ रूपिया से बेसी के लागति से बनल नया परिसरो क लोकारपण कइलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ काल्हि लखनऊ में अपने सरकारी आवास पर एगो उच्च स्तरीय बइठकी में दिव्यांगजन सशक्तिकरण विभाग के कार्यन क समीक्षा कइलें। उहां के आश्रय गृहन, सह प्रसिक्षण केन्द्रन आ हाफ–वे होम में रहे वाले संवासी लोगिन के भरण–पोसण बदे अनुदान रासि दुइ हजार रूपिया से बढ़ा के तीनि हजार रूपिया हर महिन्ना कइले क फैसिला कइले हईं। एगो रिपोर्ट–

**दिव्यांगजन सशक्तिकरण विभाग की समीक्षा बैठक में मुख्यमंत्री ने कहा कि आश्रयगृहों में रहने वाले मानसिक मंदित और निराश्रित दिव्यांगजन पूरी तरह संस्थागत देखभाल पर निर्भर होते हैं। उन्हें पौष्टिक भोजन, समुचित स्वास्थ्य देखभाल और सम्मानजनक जीवन उपलब्ध कराना सरकार की जिम्मेदारी है। मुख्यमंत्री ने कहा कि सरकार दिव्यांगजन के सम्मान सुरक्षा और गरिमापूर्ण जीवन से जुड़े प्रत्येक प्रयास को प्राथमिकता दे रही है। बैठक में मुख्यमंत्री ने हर जनपद में नियमित रूप से सहायक उपकरण वितरण शिविर आयोजित करने और दिव्यांग बच्चों की शिक्षा पर विशेष ध्यान देने के भी निर्देश दिए। समाचार कक्ष से रितेश।**

**********

एटा जिला के बागवाला थान्हा क्षेत्र में कीलारमऊ गांव के लग्गे काल्हि देर राति एगो सड़कि दुरघटना में पांच जने क मउति हो गइल, ओहीं करीब एक दरजन लोगि घाही हवें। हमरे एटा प्रतिनिधि बतवलें कि फर्रूखाबाद से दिल्ली जा रहलि उत्तर प्रदेस राज्य सड़क परिवहन निगम क एगो बस तकनीकी खराबी के नाते सड़कि के किनारे खड़ा रहलि। येही दौरान पाछे से आ रहल एगो तेज रफ्तार कैंटर बस के ठोकर मारि दिहलस। येह टक्कर के बादे एगो अउरियो गाड़ी दुरघटना के चपेटा में आ गइल। एटा क डीएम अरविंद सिंह बतवलें कि घाही लोगिन के समुचित इलाज क इंतिजाम कइल गइल बा।

**********

भारतीय विशिष्ट पहचान प्राधिकरण आधार ऐप के जरिये आधार में ई–मेल के सोझे अपडेट क सुविधा निःसुल्क उपलब्ध करवले हौ। ई सुविधा एक जुलाई से सुरू हो के छौ महिन्ना खातिर लागू बा।

**********